



PUBLIC HEALTH FACT SHEET
Boston Public Health Commission
Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
Phone: 617-534-5611 Fax: 617-534-5905

Viris Iminodefisyans Himèn (VIH)

Ki sa VIH lan ye?

Viris Iminodefisyans Himèn ou VIH se yon viris ki atake system defans kò yon moun, espesyalman globil blan (selil CD4+ T), yon selil ki empòtan anpil nan ede kò moun goumen avèk maladi. VIH se yon viris ki kapab bay (provoke) SIDA ou Sendròm Imino Defisyans Atrape (Acquis). Nan Boston, te genyen plis pase 5,000 moun ki tap viv avèk VIH nan ane 2010.

Ki jan yon moun atrape VIH?

VIH pwopaje lè yon moun fè sèx swa nan vajen, nan anis (nan dèyè), ou nan boush avèk yon moun ki enfekte. Yon fanm ansent ka pase VIH ba ti moun pandan akousman. Viris lan ka pase de yon moun a yon lòt nan likid kò an tankou nan sekresyon vajen, deshaj (gason), ak san.

Risk ki ka ogmante chans pou ou atrape VIH:

- Gason ki nan fè sèx ak gason san pwoteksyon ou sèx nan dèyè
- Sèvi avèk menm sereng ke lòt moun itilize pou pran drog
- Fè sèx ak kapòt ki pa fèt ak “latex” ou di mwens “polyurethane”
- Fè sèx ak plisyè moun
- Gen diferan lòt Maladi Seksyèlman Transmisib (MST)

Ki Moun ki ka atrape VIH?

Nenpòt moun ki ekspoze-l a viris lan oswa nan fè sèx, oswa nan kontak avèk san yon moun ki enfekte (tankou moun ki enjekte drog) ka rive enfekte. Moun ka pwopaje VIH menm lè yo pa gen sentòm. Nan Boston, pami gason ki fè sèx avèk gason, yo jwen majorite ka VIH yo nan group saa (48% nan total ka) an konparezon avèk lòt kategori a risk yo.

Ki jan VIH devlope?

Genyen twa (3) etap nan enfeksyon VIH lan: yon etap de baz “VIH sentomatik”, yon etap entèmedyè “manifestasyon klinik retade”, epi SIDA.

- Etap de baz “VIH sentomatik”:
 - Etap sa a kòmanse yon a de (1 a 2) mwa aprè yon moun enfekte ak viris la.
 - Majorite moun ki enfekte devlope sentòm grip tankou: fyèv, doulè nan misk, iritasyon sou po, doulè nan jwenti, e latrye.
 - Sentòm yo gen dwa sibtil anpil ke moun pa menm fè atansyon avèk yo, men pandan menm tan sa a viris la ap multipliyè e pwopaje nan tout kò a.
- Eta Asentomatik (Manifestasyon klinik retade):
 - Etap sa a ka dire pou plisyè ane
 - Gen kèk sentòm ki ka parèt (asosye) avèk enfeksyon VIH nan etap sa a. Anpil moun ka viv pou plisyè ane san okin sentòm.
 - Pandan faz sa a, viris la nan kò a men li pa atake ssistèm defans (system iminitè) lan
 - Moun ki enfekte ka pwopaje viris la nan etap sa a.
- SIDA:
 - Okasyonèlman, etap sa-a devlope plisyè ane apre enfeksyon avèk VIH.
 - Yo ka di yon moun gen SIDA lè sistèm defans li andomaje e moun nan vin pèdi fòs pou konbat enfeksyon yo.
 - Sentòm ki manifeste avèk etap sa-a ka varye anpil.

Pou konbyen tan yon moun ki enfekte ka pwopaje VIH?

Depi yon moun enfekte avèk VIH, li ka toujou pwopaje viris lan a lòt moun ki pa enfekte, tou depan de nivo kontak la. Si ou menm, oswa mennaj ou enfekte, li enpòtan pou ou konnen stati-w e toujou itilize pwoteksyon lè wap fè sèx. An

men tan fòk ou pa janm sèvi ak sereng lòt moun itilize pou pran dròg. Fanm ensent ka pase VIH bay pitit yap pote a.

Kòman mwen ka konnen si mwen genyen VIH?

Sèl mwayen pou konnen si ou enfekte se pou fè tès kont enfeksyon VIH. Yon manm nan sèvis santé ka mande-w san, ou li ka pase yon aplikatè an dedan boush ou pou fè tès VIH. Tou depann de tip tès lan, ou ka jwen rezilta a nan 20 minit (Tès VIH Rapid) ou nan 1 a 2 semenn. Pale avèk Doktè-w pou jwen ki tès ki pi bon pou-w fè.

Ki sentòm VIH yo?

Se pa tout moun ki enfekte avèk VIH ki gen sentòm. Anpli nan moun ki enfekte avèk VIH pa devlope sentòm pou plisyè ane.

Sa yo se kapab siyan ki ka fè-w konnen avansman enfeksyon VIH:

- Pèdi anpil pwa, Tous sèk, fyèv ale tounen, ou transpirasyon diran somèy
- Gwo fatig ki pa gen esplikasyon, enflamasyon nan gland lenf ki anba bra, nan kwis, ou nan kou
- Dyare ki dire plis ke yon semèn
- Tash blan ou mak anòminal nan lang, nan boush, ou nan gòj
- Pèdi memwa, depresyon, e lòt pwoblèm nè (newologik)

Ki kote mwen ka al fè tès?

Majorite etablisman ki bay swen santé ofri tès pou VIH e lòt Maladi Seksyèlman Transmisib (MST). Pou ou jwen yon sant de santé nan vwazinaj bò kote-w, rele telefòn Sante Magistra a nan: **617-534-5050** ou

Telefòn gratis: 1-800-847-0710 ou vizite

<http://www.bphc.org/programs/infectiousdisease/infectiousdiseasesatoz/sti/Pages/Home.aspx> epi antre kòd (zip code) postal-w.

Eske VIH ka trete?

Wi, gen medikaman ki la pou ede moun enfekte avèk VIH yo viv ak maladi a pou plisyè ane. Li enpòtan pou moun al fè tès pou VIH e konnen bonè si yo enfekte pou yo jwen swen medikal e trètman ki pi efikas. Fè trètman pou VIH ka diminye konsantrasyon viris lan ka yon moun e redwi risk pou yo pase viris la bay lòt moun.

Eske gen trètman ki ka retire VIH nan san net?

Non, men gen medikaman ki la pou ede kontwole viris lan. Siantis yo kontinye ap travay pou jwen yon vaksen pou bloke enfeksyon VIH e trètman pou anpeshe transmisyon VIH a moun ki pa enfekte.

Men Metòd ki an vòg kounye a:

- **Fòm Trètman sou Prevansyon (Pre-Exposure Prophylaxis) “PrEP”**: medikaman pou pran avan kontak seksyèl avèk yon moun ki enfekte ak VIH pou anpeshe transmisyon viris lan.
- **Mikwobisid (pwodwi pou touye Mikwòb)**: Fòmil Gel (krèm) pou itilize pandan kontak seksyèl pou anpeshe transmisyon VIH. Etid konyinye fèt sou Pwodwi sa yo.

Menm lè etid kontinye ap fèt sou PrEP e mikwobisid, metòd prevansyon pou toujou sèvi ak sering ki pwòp, epi toujou itilize kapòt pandan tout kontak seksyèl montre efikasite kont VIH.

Kòman mwen ka pwoteje tèt mwen kont VIH?

Mwanyen ki pi garanti pou bloke VIH se pa ale fè sèx epi pa ou itilize sering avèk lòt moun .

Si ou ale nan relasyon seksyèl, men ki sa ou ka fè pou diminye chans atrape VIH:

- Toujou itilize kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx lan dèyè (anis), lan vajen oswa lan boush (oral)
- Kapòt ki fèt ak materyèl natirèl kapwoteje fanm ansent, men pa ka pwoteje kont HIV ou lòt MST
- Redwi kantite moun ke ou gen relasyon seksyèl, si ou swazi pou fè sèx
- Pale ak mennaj ou sou MST e kòman nou ka fè tès pou konnen si nou pa malad
- Pale avèk Doktè-w sou ki jan pou pwoteje tèt ou lan relasyon seksyèl e sou al fè tès
- Fòk ou konnen ke lè wap fè sèx pandan ke ou anba dròg, ou di mwens pandan ke ou sou, chans lan ogmante pou fè ak seksyèl san pwoteksyon